


PLAS PIBLIK YO

Plas piblik yo bay divès sèvis . Li bay sitwayen nou yo yon kote pou yal relaks, jwe ak aprann. Gen yon dal Plas Piblik nan tout Vil la ki bezwen devlopman, restorasyon, agrandisman ak amelyorasyon. Men kèk ladan yo ka va benefisyé de koze bon monetè sa a:


- 
- 1. Little Haiti Park
 - 2. Kinloch Park
 - 3. Shenandoah Park
 - 4. Bicentennial Park
 - 5. Grapeland Park
 - 6. Peacock Park
 - 7. Margaret Pace Park
 - 8. Jose Marti/E. Little Havana Park
 - Sant Spòtif Football

Yap ajoute jaden, anplasman jwèt ti moun yo ak amelyorasyon teren spò, sant kominotè pou Iwazi ak pisinn nan tout plas piblik yo. Acha tè, devlopman ak konstriksyon nesesè tou.


SIRTE PIBLIK

Denye evennan ki fèt nan nasyon nou an fè vil Miami pou li tou pare depi premye apel ki fèt pou ni sèvis Pompye ni sevis polis pou yo kapab garanti sekirite rezidan nou yo. Men ki jan nap amelyore sèvis sirte piblik nou yo:

Sèvis Pompye ak Oksilyè Medikal

- 
- Sant Fòmasyon rejyonal pou Dezas – Pou softaj avek fouy iben epi fòmasyon pou zam ak gwo fòs destriksyon (Bonm etc....)
 - Ekipman pou Dezas Nikleyè Chimik Biyolojik – Ogmante stok antidòt/ Medikaman, Ekipman Medikal, Douch pou dekontaminasyon, Echantiyon lèzè/Ekipman pou siveyans, Aparèy espesyal pou koute ak pou wè, Tant yo ak è kondisyonne potatif
 - Estasyon Pompye Katye yo – Konstriksyon nouvò estasyon Pompye ni pou katye Coral Way la ni pou katye Upper Eastside. Reekipe estasyon no. 11 nan Flagami a.

Sèvis Polis

- 
- Sant Fòmasyon Polis — ki pou genyen yon chan de tir pou ni andedan ni andeyò
 - Bomb Bunker (Batman espesyal anti bonm)- depo espesyal pou mete ekipman Anti bonm ansanm ak kontwole tout zam aminisyon ak eksplosiv yo
 - Rad Espesyal pou pwoteje pou inite anti bonm sètifye pa lame
 - Ekipman Siveyans Espyonaj Elektwonik
 - Aparèy Elektwonik pou siveyans
 - Machinn Espesyal anti bonm ak eksplosiv – yon machinn byen blende pou transpòte ekipman eksplosiv


SOLISYON POU PWOBLÈM INODASYON AK DRENAJ POU LA RI YO

Ke se kondui nap kondui, monte bisiklèt nan Vil la, sirte enpòtan e basen dlo stayan kab reprezante yon danje epi tou li kab koute lajan. Tout Pwojè sa yo pou vil la ap fè reparasyon la ri yo ak avni yo, lap kontwòle inondasyon yo, ap gen nouvò drenaj, nouvò egou, lap amelyore mitan la ri yo, ap gen pi bon ekleraj ak twotwa pou pyeton maché. Men kèk egzanp pwojè yo:

● Amelyorasyon Drenaj Flagami	● Amelyorasyon Grand Avenue
● Amelyorasyon Coral Way	● Amelyorasyon Calle Ocho
● Amelyorasyon N.E. 2yèm Avni	● Amelyorasyon Distri/Overtown Wynwood, ak Koridò Little Haiti a
● Amelyorasyon Enfrakstrikti Anba Lavil	

LA VI MIYÒ

Anpil evennan kiltirèl, edikasyonèl ak Iwazi fèt nan tout vil la. Evennan sa yo envite sitwayen yo pou yo pwofite jui de sa ki nan lakou lakay yo. Fè bél fasad tout alantou nou epi fè amelyorasyon nan zòn yo ap bay la vi miyò ba tout rezidan nou yo kelkeswa laj la oubyen kelkeswa enterè ak sa nou ta bezwen an

- 
- **Vèdi** – Pwojè sa a ap fè amelyorasyon nan tout vèdi vil la
 - **Mize Syans** – Bay lajan pou mété sou lot lazan ke mizè ap ran massé nan jefò pou li jouen anplasman Bicentennial Park la
 - **Mize DÀ Miami a** – Bay lajan pou édé mize an etabli anplasman li nan Bicentennial Park la
 - **Baryè Katyé Yo** – Pwojè sa a ap bay lajan pou mété pannkat nan chak randre katyé vil la

PREZÈVASYON ISTORIK

Vil Miami a se youn nan pi jèn vil nan peyi a, men li rich ak istwa. Pyonye yo sòt tout kote pou vinn etabli yon nouvò stil de vi pou tèt yo ak fanmi yo isit la. Nan tout Vil la gen de bél bildinn ki lye nou ak pase nou. Si nou bay yo fon nesesè yo jodi a sa va pèmèt nou prezèv bildinn istorik sa yo.

Pwojè sa a ap:

- Idantifye e rekonnèt pwopriyete istorik yo kòm pwopriyete ak zòn istorik
- Rekonnèt ditilité piblik bildinn ak/oubyen distri
- Devlope pwogram pou ede mèt pwopriyete istorik yo